народа. Главный герой эпоса Эр Шора. В эпосе он изображается как герой, богатырь, храбрый, умный, народный, патриотичный и гуманист. Шора не рождается с помощью чудотворной силы, как в некоторых эпосах. Родившись среди обычных людей, Дой приобретает силу храбрости и мужества. В эпосе отвага и сила Чоры проявляются с юных лет.

**SUMMARY.** For several centuries, the "Ershora" epic held a prominent place in the repertoires of storytellers and remained a beloved and valuable spiritual heritage of our people. The main character of the epic is Er Shora. In the epic, he is depicted as a hero, a bogatyr, brave, intelligent, people-oriented, patriotic, and humanist. Shora is not born with the help of a miraculous force, as in some epics. Having been born among ordinary people, Doi gains strength of courage and bravery. In the epic, Chora's courage and strength are manifested from a young age.

# ӘДЕБИЙ ДӘСТҮРЛЕР ҲӘМ ЖАЛҒАС ТҮСИНИКЛЕРИНИҢ ТЕОРИЯЛЫҚ ТАЛЛАНЫЛЫЎЫ ҲӘМ ОНЫҢ ҚАРАҚАЛПАҚ ПОЭЗИЯСЫНЫҢ РАЎАЖЛАНЫЎЫНДА ТАРИЙХЫЙ НЕГИЗЛЕРИ

**Даулетмурат Пахратдинов** – *ф.и.к. доцент*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** әдебият, әдебий процесс, образлар, әдебий байланыс, синкретизм, көркемлик еволюциясы, аўызеки дәстүр, миллий өзлик, әдебий трансформация.

**Ключевые слова:** литература, литературный процесс, образы, литературная коммуникация, синкретизм, художественная эволюция, устная традиция, национальное самосознание, литературная трансформация.

**Key words:** literature, literary process, images, literary communication, syncretism, artistic evolution, oral tradition, national identity, literary transformation.

Әдебий дәстүр әдебият тарийхында үзиликсизликти тәмийнлеўши әҳмийетли эстетикалық ҳәм теориялық категория есапланады. Ол белгили бир халық яки әдебий мектеп әтирапында әсирлер даўамында пайда болған көркем ой тәжирийбесин, поэтикалық қағыйдаларды, образлар системасын ҳәм методикалық өзгешеликлерин өз ишине алады. [1] Дәстур әдебий процессте тек тәкирарланыў емес, ал жаңаланыў ушын шараят жарататуғын көркем негиз сыпатында көринеди. Әдебияттаныўда жалғас түсиниги дәстүрдиң тарийхый даўамыйлығын көрсетиўши категория сыпатында белгили. Жалғасыў арқалы әдебий тәжирийбе әўладтан әўладқа өтеди, жаңа социаллық-тарийхый шараятларда қайта аңланады ҳәм жаңа эстетикалық мазмун пайда етеди. [2] Сонлықтан жалғасыўды механикалық көшириў яки әпиўайы еликлеў сыпатында емес, бәлки дөретиўшилик өзлестириў процеси сыпатында баҳалаў лазым. Дәстүр ҳәм жалғас мәселеси әдебият тарийхының диалектикалық нызамлылықлары менен үзликсиз байланыста. Жаңаланыў дәстүрден үзилген ҳалда пайда болмайды, керисинше, ол сол поэтикалық тәжирийбениң өзлестирилиўи арқалы әмеле асады. [3] Сол көзқарастан, ҳәр бир жаңа әдебий басқыш өзинен алдынғы тәжрийбени инкар етпейди, бәлки оның ең жемисли тәреплерин сақлаған ҳалда раўажландырады. Әдебий жалғас әдебияттың түрли дәрежелеринде пайда болады. Олар қатарына тематикалық жақтан жалғасыў, жанрлық даўамыйлық, стильлик дәстүрлер, образлар системасы ҳәм поэтикалық пикирлеў өзгешеликлерин киритиў мүмкин. [4] Мәселен, халық тәғдири, Ўатан, инсан ҳәм жәмийет мүнәсебетлери киби улыўма инсаный темалар түрли дәўир поэзиясында ҳәр түрли поэтикалық формаларда пайда болса да, олардың идеологиялық-эстетикалық тамырлары дәстүрий санаға барып тақалады. Түркий халықлар әдебияты

мысалында жалғас мәселеси және де кеңирек салыстырмалы-типологиялық әҳмийетке ийе. Эпикалық ҳәм лирикалық дәстүрлер, фольклор поэтикасы, образлар системасы түркий халықлар жазба әдебиятының қәлиплесиўинде әҳмийетли роль атқарған. [5] Бул ҳалат миллий әдебиятларды жеке емес, бәлки улыўма мәдений-әдебий ортақ шеңберде изертлеў зәрүрлигин көрсетеди.

Қарақалпақ поэзиясында әдебий дәстүр ҳәм жалғас мәселеси халық аўыеки дөретиўшилиги менен жазба әдебият ортасындағы бир тутас байланыста айқын көринеди. Фольклор поэтикасына сай көркем образлар, сюжет мотивлери ҳәм көркемлеў қураллары XX әсир қарақалпақ поэзиясында жаңа социаллық-тарийхый мазмун менен байытылған ҳалда даўам еттирилген. [6] Усы көзқарастан, поэзиямыздағы әдебий дәстүрлер жалғасыўын миллий поэтикалық көркем пикирлеўдиң турақлы ҳәм бир ўақыттың өзинде динамикалық раўажланыў, әдебиятымыздың өзгешелиги сыпатында баҳалаў мүмкин. Әдебий дәстүр ҳәм жалғас түсиниклери қарақалпақ поэзиясы раўажланыўын илимий тийкарда изертлеў ушын теориялық тийкар ўазыйпасын атқарады. Бул категориялар арқалы XX әсир поэтикалық процесстеги даўамыйлық ҳәм жаңаланыў заңлылықларын анықлаў имканы туўылады. Түркий халықлар поэзиясы қәлиплесиўинде әдебий жалғас мәселеси улыўма тарийхый, мәдений ҳәм эстетикалық негизлер менен белгиленеди. Түркий халықлардың көп әсирлик фольклорлық мийрасы, эпикалық ҳәм лирикалық дәстүрлери жазба әдебият пайда болыўында тийкарғы поэтикалық негиз сыпатында хызмет еткен. [7] Усы көзқарастан, қарақалпақ поэзиясындағы жалғас процесслерин салыстырмалы анализ етиў оны улыўма түркий әдебий орталық әтирапында аңлаў имканын береди. Түркий халықлар поэзиясында дәстүрий поэтикалық пикир, фольклор поэтикасына тән образлар системасы, ритм-ырғақ, тәкирарлаў ҳәм символлық көркемлеў қураллары арқалы көринеди. Бул өзгешеликлер өзбек, қазақ, қырғыз, түркмен ҳәм қарақалпақ поэзиясында ҳәр қыйлы формада сақланып қалынған. [8] Мысалы, эпикалық пикирлеўге тән қаҳарманлық, ел-журт тәғдири, Ўатанпарўарлық идеялары барлық түркий халықлар поэзиясында улыўмалық тема сыпатында көринеди. Салыстырмалы таллаў соны көрсетеди, түркий халықлар поэзиясында жалғас бир қыйлы дәрежеде пайда болмайды. Айырым әдебиятларда дәстүрий эпикалық пикирлеў үстин болса, басқаларында лирикалық индивидуализм күшейген. [9] XX әсирде социаллық-сиясий өзгерислер тәсиринде бул процесс жәнеде қурамаласты. Кеңес дәўири түркий поэзиясында улыўма идеологиялық орталық пайда болыўына қарамастан, миллий поэтикалық дәстүрлер ҳәр бир халық әдебиятында өзине тән усылда сақланып қалынды. Қарақалпақ поэзиясы усы процессте өзине тән орын тутады. Онда фольклор ҳәм жазба әдебият ортасындағы байланыс, эпикалық пикирдиң лирикалық формасында даўам еттирилиўи әҳмийетли поэтикалық өзгешелик сыпатында қаралады. [10] Бул қазақ ҳәм қырғыз поэзиясына жақын болған ҳалда, өзбек ҳәм түркмен поэзиясындағы лирикалық дәстүрлер менен де типологиялық улыўмалыққа ийе болады. Түркий халықлар поэзиясында жалғас мәселесин салыстырмалы үйрениў жанрлар раўажланыўында да айқын көринеди. Дәстан, терме-толғаў, жыр, қосық уқсаған жанрлар түрли халықлар әдебиятында миллий өзгешеликлер менен байытылған ҳалда даўам еткен. [11] Бул жағдай жалғасыўды тек формалық емес, ал мазмун ҳәм поэтикалық пикирлеў дәрежесинде де изертлеўдиң зәрүрлигин көрсетеди. Сондай-ақ, түркий поэзияда образ ҳәм символлар жалғасы да зәрүр салыстырмалы әҳмийетке ийе. Тәбият образлары, от, жол, дәрья, саҳра киби символлар улыўма түркий көркем ойдың әҳмийетли элементлери есапланады. [12] Қарақалпақ поэзиясында бул символлар миллий турмыс тәризи ҳәм тарийхый тәжирийбе менен уйғын ҳалда жаңа көркем мазмун пайда еткен. Демек, түркий халықлар поэзиясында әдебий жалғас мәселесиниң салыстырмалы анализи қарақалпақ поэзиясын өз алдына емес,

бәлки улыўма әдебий системаның бир бөлими сыпатында аңлаў имканын береди. Бул болса XX әсир қарақалпақ поэзиясында дәстүр ҳәм жаңашыллық машқаласын тереңирек илимий тийкарда изертлеў ушын теориялық негиз жаратады. Қарақалпақ поэзиясында әдебий дәстүрлердиң жетилисиўи ҳәм раўажланыўы халықтың көп әсирлик тарийхый тәжирийбеси, социаллық турмысы ҳәм руўхый дүньяқарасы менен ажыралмас байланыста. Миллий поэтикалық ой-пикирдиң негизлери халық аўызеки дөретиўшилигинде жайласқан болып, ол қарақалпақ жазба әдебияты ушын тийкарғы эстетикалық ҳәм көркем дерек ўазыйпасын атқарады. [13] Фольклорға тән эпикалық кеңлик, образлар системасы ҳәм символикалық пикирлеў әсте-ақырын жазба поэзияда түрли формаларда даўам еттирилди. Қарақалпақ халық аўызеки дөретиўшилигинде қаҳарманлық дәстанлар, лирикалық қосықлар, терме-толғаўлар ҳәм жырлар халық, ел-журт тәғдири, адамгершиликтиң қунлылығын көрсетиўши әҳмийетли поэтикалық қурал сыпатында қәлиплескен. [14] Бул фольклорлық дәстүрлер XX әсир поэзиясында да сақланып, жаңа социаллық-тарийхый шараятларда қайта исленген. Бул ҳалат жалғасыўды көркем пикирлеўдиң тәбийий раўажланыў процеси сыпатында көрсетеди. Қарақалпақ поэзиясы жетилисиўинде классикалық Шығыс әдебияты тәсирин де инкар етиўге болмайды. Шығыс поэзиясы дәстүрлери, мистикалық ҳәм дидактиктикалық мотивлер белгили бир дәўирлерде қарақалпақ шайырлары дөретиўшилигинде өз көринисин тапқан. [15] Бирақ бул тәсир механикалық көшириў емес, бәлки миллий поэтикалық санаға масластырылған дөретиўшилик өзлестириў характерине ийе. Соның менен бирге, қарақалпақ поэзиясында түркий әдебий дәстүрлер де әҳмийетли орын тутады. Түркий халықларға сай эпикалық пикирлеў, тәбият ҳәм инсан мүнәсебетин символикалық түрде тәрийплеў, поэтикалық тилде эпиўайы ҳәм образлылыққа бағдарланыў қарақалпақ поэзиясында турақлы қәсийет сыпатында сақланып қалынған. [16] Бул қәсийет қарақалпақ поэзиясын қазақ ҳәм қырғыз әдебияты менен жақынластырса да, миллий менталитетке сай өзине тәнликти де тәмийинлейди. XX әсир басларында қарақалпақ поэзиясында дәстүрий поэтикалық сана жаңа социаллық ўазыйпалар менен байый баслады. Ағартыўшылық идеялары, жәмийеттеги өзгерислер халық аўызеки дөретиўшилиги ҳәм классикалық әдебияттан мийрас болған дәстүрий образлар ҳәм темалар арқалы билдирилди. [17] Бул процесс дәстүрлердиң тек сақланыўы емес, бәлки мазмун жағынан жаңаланыўын да тәмийинледи. Кеңес хүкимети дәўиринде болса қарақалпақ поэзиясында дәстүрлердиң тарийхый негизлери қыйын шараятта пайда болды. Рәсмий идеология тәсирине қарамастан, фольклор поэтикасы, миллий образлар ҳәм символлар поэзияда жасырын яки ашық түрлерде сақланып қалынды. [18] Бул жағдай миллий поэтикалық сананың турақлылығы ҳәм ишки қарсылыққа шыдамлы екенин көрсетеди.

Солай етип, қарақалпақ поэзиясында әдебий дәстүрлердиң тарийхый негизлери халық аўызеки дөретиўшилиги, классикалық Шығыс ҳәм түркий әдебий мийрас пенен байланыс қурамалы системаны пайда етти. Бул тарийхый тийкар XX әсир қарақалпақ поэзиясында әдебий жалғас процесин илимий көзқарастан изертлеў ушын күшли теориялық негиз болып хизмет етеди.

## Пайдаланылған әдебиятлар


1. Б.М.Жирмунский. Избранные труды. 1974.119 с.
2. Айымбетов. К. Халық даналығы. „Қарақалпақстан“ баспасы, Нөкис. 1968.
3. Даўқараев. Н. Шығармаларының толық жыйнағы. 2-том, „Аўызеки халық творчествосы“. „

**РЕЗЮМЕ.** Бул мақалада әдебияттаныў илими менен әдебий байланыслы мәселелер сөз етиледи. Тийкарынан әдебий байланыслар, Шығыс поэзиясы менен қарақалпақ әдебиятының өзара байланысы қандай дәрежеде екенлиги, XX әсир қарақалпақ поэзиясы салыстырылып изертлениўи ҳаққында илимий пикирлер билдириледи.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассматриваются вопросы, связанные с литературоведением и литературой. В основном высказываются научные мнения о литературных связях, степени взаимосвязи восточной поэзии и каракалпакской литературы, а также о сравнительном изучении каракалпакской поэзии XX века.

**SUMMARY.** This article discusses issues related to literary studies. Scientific opinions are mainly expressed about literary connections, the degree of interconnection between Eastern poetry and Karakalpak literature, and the comparative study of 20th-century Karakalpak poetry.

## QARAQALPAQ DÁSTÚRLERINIŃ SINKRETIK TÁBIYATÍ HÁM KÓRKEMLIK EVOLYUCIYASÍ: FOLKLORDAN PROFESSIONAL KÓRKEM ÓNERGE QARAY

**Piyazova Baxıt Burkitovna** – *asisstent oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanısh sózler:** qaraqalpaq folklorı, sinkretizm, jırawshılıq kórkem óneri, kórkemlik evolyuciyası, kásiplik kórkem óner, awızeki dástúr, estetikalıq kod, epikalıq dástúr, mádeniy miyras, milliy ózlik, ádebiy transformaciya.

**Ключевые слова**: каракалпакский фольклор, синкретизм, искусство жырау, художественная эволюция, профессиональное искусство, устное творчество, эстетический код, эпическое искусство, культурное наследие, национальное самосознание, литературная трансформация.

**Key words:** кarakalpak folklore, syncretism, art of jirov (jirov tradition), artistic evolution, professional art, oral tradition, aesthetic code, epic tradition (dastan art), cultural heritage, national identity, literary transformation.

Oraylıq Aziya xalıqlarınıń mádeniy miyrasınıń ajıralmas hám oǵada ózine tán quramı bólegi bolıp, ol tek ǵana sóz óneriniń úlgisi emes, al xalıqtıń quramalı tariyxıy táǵdiri, jámietlik-siyasiy turmısı hám milliy oy-pikiriniń kórkem kartası bolıp tabıladı. Bul ádebiyat, folklor ásirler dawamında xalıqtıń ózligin ańlaw, azatlıqqa umtılıw hám insanıy pazıyletlerdi ulıǵlaw jolındaǵı ruwxıy qural bolıp xızmet etti. Hár bir milliy ádebiyat sıyaqlı, qaraqalpaq sóz óneri de óziniń genezisine bola, dáslep arxaikalıq mifologiyalıq kózqaraslar hám awızeki dóretiwshilik túrinde payda bolıp, keyin ala basqıshpa-basqısh jazba ádebiyat dárejesine kóterildi. Ádebiy rawajlanıwdıń metodologiyalıq tiykarların izertlep qarasaq folklordıń rawajlanıwın tek ǵana xronologiyalıq tártiptegi sáneler yamasa shıǵarmalar izbe-izligi sıpatında úyreniw búgingi ilimiy talaplar dárejesinde jeterli emes. Zamanagóy ádebiyat, folklor iliminiń talabına bola, ádebiy processti konceptual tiykarlar arqalı izertlew ilimiy jaqtan oǵada áhmietli esaplanadı. Sebebi, folklordan baslanǵan dáslepki epikalıq oylawdan baslap, búgingi kúndegi psixologiyalıq realizm hám modernizm izleniwlerine shekemgi jol - bul milliy sana-sezimniń, tariyxıy yadtıń hám estetikalıq kózqaraslardıń úzliksiz evolyuciyası bolıp esaplanadı. Áyne usı faktorlar folklordıń ishki nızamlıqların belgileydi hám onıń sociallıq rawajlanıw menen baylanısın ashıp beredi. Qaraqalpaq ádebiyatınıń fundamentin quraytuǵın xalıq awızeki dóretpeleri (folklor) tek ǵana ótmish esteligi emes, al keyingi barlıq dáwirler ushın "estetikalıq kod" wazıypasın atqarǵan. Máselen, qaraqalpaq dástanshılıq mektebiniń joqarı úlgileri bolǵan "Alpamıs," "Qırıq qız" hám "Edige" dástanlarındaǵı watansúyiwshilik, qaharmanlıq hám adamgershilik ideyaları XIX ásir klassikalıq poeziyasında da, XX ásir dramaturgiyasında da jańasha kórkem mazmun menen dawam ettirildi. Bul bolsa ádebiy processtegi